# SEVIMLI TELEKANALINIŃ JÁMIYETSHILIK PENEN BAYLANIS ORNATIWDAǴI XIZMETI

**Kallibekova G.P.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti oqıtıwshısı*

**Jumamuratova D.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student*

***Резюме:*** *в статье рассматривается Sevimli телеканал как негосударственный при налаживании связей с общественностью. Анализировались передачи, выходящие в эфир на телеканале.*

***Ключевые слова:*** *реалити-шоу, ток-шоу, информация, жанр, репортер, журналист, телеканал.*

***Resume:*** *the article will mention your Sevimli TV channel as a non-governmental TV channel when creating public relations. The broadcast was analyzed.*

***Key words:*** *reality show, talk show, information, genre, reporter, journalist, TV channel.*

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev 2017-2021-jıllarda ózbekstan Respublikası rawajlanıwdıń bes tiykarǵı jónelisi, yaǵnıy Háreketler Strategiyası joybarınıń jámiyetshilik dodalawına arnalǵan media-hápteliktiń ashılıw máresiminde sózge shıqqan Firdavs Abduxalikov "Caravan Tv", "Zor Tv", "Futbol Tv" telekanalları jumıs baslaw qarsańında turǵanlıǵın ayttı. Kóp waqıt ótpey, 2017-jılı 1-aprel kúni Caravan Tv telekanalı óz iskerligin baslaydı. Kanal 2017-jıl 1-dekabr kúni Sevimli Tv ge ózgertiledi. Sevimli Tv-pútkil shańaraq ushın mólsherlengen, mámleketlik emes, muzıkalıq, kewil-ashar kanal esaplanadı. Kanal tiykarshısı hám búgingi kúnde de kanal redaktorı: *Firdavs Abduxalikov*. *Redaktor:Amira Rashidova, Davlat Rashidov. Uranı: Birga baxtlimiz.*

*Sevimli Tv kórsetiwleri: 1. Sevimli kun (tikkeley efir); 2. Zamon informatsion dasturi (09:00,12:00,16:00,21:00) Tikkeley efir; 3. Yangi Hayot tok-shou; 4. Olov pazanda; 5. Eslab-eslab; 6. Kuldur-gup; 7. Birgalikda; 8. Talant shou; 9. Ilk uchrashuv.*

**Sevimli kun.** Sevimli kun kórsetiwi Sevimli telekanalında efirge beriletuǵın tańǵı kewil-ashar kórsetiw.Kórsetiw 2019-jıldan búgingi kúnge shekem turaqlı túrde efirge berilip kelmekte. Kórsetiw baslawshıları: *Mamur Xolmedov, Samandar Hamraqulov, Sardorbek Karimov, Rano Alimova.* Bul kórsetiwdiń hár bir sanında elimizge belgili aktyorlar, aktrisalar, qızıqshılar, qosıqshılar,jas qábilet iyeleri miymanda boladı hám

ózleriniǹ jaǹa dóretpelerin xalıq názerine usınadı. Kórsetiwdiǹ tiykarǵı maqseti-tamashagóylerge ózgeshe taǹǵı keypiyattı ulasıw esaplanadı. Sevimli kun kórsetiwiniǹ 2023-jıl 29-sentyabrde efirge berilgen sanında 10 jaslı Samarqandlı Jahongir Abduvaliyev miymanda boldı.Ol 2-3 sentyabrde İtaliyada bolıp ótken "Sun of İtaliya" festivalında qosıq aytıp, sıylı 1-orındı iyeleydi.óziniǹ İtaliyada atqarǵan qosıǵın xalıq názerine usınadı.Jánede bul kórsetiwdiǹusı sanında elimizge belgili qosıqshı Bahriddin Zuhriddinov miymanda boldı.

**Zamon.** Zamon informaciyalıq baǵdarlaması Sevimli telekanalında *09:00, 12:00, 16:00, 21:00* de tuwrıdan-tuwrı efirge beriledi.Jurtımız turmısında hám shet el mámleketlerinde júz berip atırǵan eǹ soǹǵı jaǹalıqlar menen tanıstırıp baradı.Kórsetiwdiǹ de tiykarǵı maqseti eǹ soǹǵı jaǹalıqlardan xalıqtı xabardar etiw hám xalıq názerine usınıw esaplanadı. *Kórsetiw baslawshıları: Dildora Rustamova, Jahongir Olimov, Dilobar Kabulova, Otabek Tojiboyev, Bekzod Abdusamadov, Arevat Grigorian, Doston Ismoilov. Zamon informatsiyalıq baǵdarlamalası xabarshıları: Iqtiyor Siddiqov, Elyor Ǵoruǵliev, Mótobar Nurmuhammedova, Umida Xóshoqova, Madrahim Turdiev, Ahror Ziyodov, Dilfuza Esenova, Nigora Elmuradova, Ruxsora Ǵafurova, Abbos ótbosorov.* Bul xabarshılardıǹ barlıǵı óz wálayatlarında júz berip atırǵan waqıya-hádiyselerden reportajlar tayarlap, efirge beredi. Sol qatarı Qaraqalpaqstan Respublikası Sevimli telekanalı xabarshısı: *Muxtar Úmbetov.* Zamon informatsiyalıq baǵdarlamalasınıǹ 2023-jıl 22-oktyabr ayında efirge berilgen sanında: Kóhna va navqiron Samarqandda butun jahon turizm tashkiloti Bosh Assimbliyasining 25-yubiley sessiyasi bólib ótdi. Mine usılar haqqında sóz etiledi.

**Yangi Hayot tok-shou.** Yangi Hayot jámiyetlik-siyasıy tok-shousı Sevimli telekanalında turaqlı túrde efirge berilip atırǵan kórsetiwlerdiǹ biri. *Kórsetiw uranı: Konstitutsiyadagi ózgarishlar bilan birgalikda Yangi Hayot sari qadam tashlaymiz. Kórsetiw baslawshıları: Ezozbek Rizayev hám Tursunoy Alimova.* Bul kórsetiwdiǹ tiykarǵı maqseti xalıq penen tikkeley baylanıs ornatıw,xalıq arasında júzege kelip atırǵan mashqalalardı kórip shıǵıw hám oǵan durıs sheshim tabıw esaplanadı.

**Olov pazanda.** Olov pazanda reality shousı Sevimli telekanalında háptede 5 márte efirge beriletuǵın kórsetiw. *Kórsetiw baslawshıları: Lola Hasanova, Maryam Hasanova, Mohichehra Tursunova.* Kórsetiw hayal-qızlarǵa arnalǵan bolıp, hárqanday kásiptegi hayal-qızlardıǹ aspazlıq qábiletin asırıwǵa imkan beredi.Bunda hayal-qızlar

ózi bilgen hám bilmegen jaṅa taǵam túrlerin pisirip, úyreniw múmkinshiligine iye boladı.Kórsetiwdiṅ de tiykarǵı maqseti mine usılar esaplanadı.

**Eslab-eslab** kórsetiwi Sevimli telekanalında 2018-jıl 16-noyabrden baslap, hápteniṅ hár ekshembi kúni efirge berilip kelmekte.Kórsetiw baslawshısı: elimizge miyneti siṅgen aktyor: *Farhod Abdullayev*. Bul kórsetiwde kórkem-óner tarawınıṅ ullı tulǵaları miymanda boladı.Elimizge belgili aktyorlar, aktrisalar, qosıqshılar, qızıqshılar, jazıwshı, shayırlardıṅ qılǵan miynetleri maqtanısh penen tilge alınadı. Kórsetiwdiṅ tiykarǵı maqseti kórkem-óner tarawında óz ornına iye insanlardı eske alıw hám olardı hárdáyım yadımızda saqlaw esaplanadı.

**Birgalikda oilaviy shousi** Sevimli telekanalında turaqlı túrde efirge beriletuǵın kewil-ashar kórsetiwlerdiṅbiri. Kórsetiw baslawshısı: *Sardorbek Karimov*. Kórsetiwde: aktyorlar, aktrisalar, qosıqshılar, miymanda bolıp, hár túrli shártler arqalı óz-ara bellesedi. Hárqıylı logikalıq soraw-juwaplar, bir-birinen qızıq bolǵan shártler, tek ǵana sol kórsetiw qatnasıwshılarına emes, tamashagóylerge de ózgeshe keypiyat ulasadı.

**Talant shou.** Sevimli telekanalında efirge berilip atırǵan, kishkene balalardıṅ qábiletlerin júzege shıǵarıwshı kórsetiwlerdiṅ biri. Talant shou kórsetiwiniṅbirinshi sanı 18-yanvar 2023-jılda efirge berilgen. Kórsetiw qábiletli balalardıṅ toparınan ibarat bolıp, olar: *Faxriyor Nazmiddinov, Nilufar Mirahmedova, Abdulhamid Mehriddinov, Gulhayo Asatullaeva, Dildora Yóldosheva, Azimjon, Anvar, Ozod* h.t.b. Talant shou kórsetiwiniṅ hár bir sanında kórkem-óner tarawında óz ornına iye aktyor, aktrisalar, qosıqshılar, qızıqshılardıṅ atqarǵan róllerine, qosıqlarına parodiyalar islenip, qosımsha tárizde ózleride ról jaratadı. Sol arqalı tájriybeleri artıp baradı. Talant shou kórsetiwiniṅ 5-noyabrdegi sanında: Sanjar Shodiev, Dilniyoz Ǵafforov, Turǵun Azizov, Indira Meshtakova miymanda boldı. Bul sanında: Rayhona Ǵanieva, Shahjohon Jóraev, Mahmud Namozovtıṅ atqarǵan qosıqlarına parodiyalar islenip, ózbek milliy filmi "Uchrashuv" telekomediyasına parodiyalar islendi.

**Kuldur-Gup kórsetiwi** Sevimli telekanalında efirge berilip atırǵan kewil-ashar kórsetiwlerdiṅ biri. Kórsetiw baslawshıları: *Mamurbek Xolmedov, Samandar Hamraqulov*. Kórsetiw yumorǵa tiykarlanǵan bolıp, elimizge belgili qızıqshılar kórsetiwdiṅ tiykarǵı miymanları. Máselen: *Valijon Shamsiyev, Shuhrat Azimov, Iskandar Hamraqulov, Mirzabek Xolmedov, Huvaydo Jumaeva* h.t.b. Bul kewil-ashar kórsetiwde hár bir qatnasıwshı jaṅa dóretpelerin yaǵnıy házillerin xalıq názerine

usınadı. Sol arqalı tamashagóylerge ózgeshe keypiyat ulasadı. Kórsetiwdiǹ tiykarǵı maqseti de mine usılar esaplanadı.

**Ilk uchrashuv kórsetiw**i Sevimli telekanalında turaqlı túrde efirge berilip kelmekte.Ilk uchrashuv kórsetiwiniǹ birinshi sanı 19-noyabr 2022-jıl efirge berildi. Kórsetiw baslawshıları: *Jamshid Normatov hám Nargiza*. Házirgi kúnde kóplep jas shaǹaraqlarda hár qıylı kelispewshilikler júzege kelmekte. Bul kelispewshilikler tiykarınan turmıs qurǵan jaslarımızdıǹ bir-birewin túsinbewi sebepli júzege kelmekte. Bul kórsetiwdi shólkemlestiriw hám efir arqalı tamashagóylerge jetkizip beriwden tiykarǵı maqset-kelispewshiliklerdi óz waqtında saplastırıw esaplanadı.Bul kórsetiwde qatnasıw usınısın bildirgen hár bir qız-jigit bir-birin kórmegen halda sorawlar beriw arqalı haqqıyqattı aytadı. Bul qatnasıwshılardıǹ qanday qızıǵıwshılıqqa iye ekenligin psixologlar hám tájriybeli aktrisalar bahalap baradı.

Juwmaqlap aytqanda, Sevimli telekanalı mámleketlik emes telekanal bolıp qálipleskennen baslap efirge berilip atırǵan bárshe kórsetiwleri tamashagóyler kewlinen orın alıp úlgerdi. Hátteki házirgi kúnde tamashagóylerge: *"Siz qaysı telekanaldı turaqlı túrde baqlap barasız?"* degen soraw menen múráját qılǵan waqıtta, kópshiligi Sevimli telekanalın baqlap baraman degen juwaplardı bergen. Haqıyqatında da, Sevimli telekanalında 7 jastan 70 jasqa shekem bolǵan barlıq tamashagóyler óz qálewinen kelip shıǵıp, kórsetiwlerdi tamasha qılıw imkániyatına iye. Efirge berilip atırǵan bárshe kórsetiwleri jámiyetshilik penen baylanısta tayarlanadı. Máselen: **Zamon** informatsiyalıq baǵdarlamalası arqalı jurtımız turmısında hám shet el mámleketlerinde júz berip atırǵan eǹsonǵı jaǹalıqlardan xabardar bolıwı**, Yangi Hayo**t tok-shou arqalı xalıq arasında júzege kelip atırǵan mashqalalardı kórip shıǵıw hám oǵan durıs sheshim qabıl etiwi, **Olov pazanda reality shou**sı arqalı harqıylı kásiptegi hayal-qızlar hár túrli jaǹa taǵam túrlerin pisirip úyreniw múmkinshiligine iye boladı. **Talant shou** kórsetiwi arqalı perzentleriniǹ qábiletlerin júzege shıǵarıw imkaniyatına iye boladı. Sol sebepli de jámiyetshilik penen baylanıslarda Sevimli telekanalı óziniǹ operativliligi menen basqa mámleketlik emes telekanallardan ajıralıp turadı.

**Ádebiyatlar:**

1. Qosimova N, Xidirov Q, Safarov A, Saidov X, Ortiqova Yu, Isomiddinova M, Dosimbetova N, Abduraxmonova M, Saidova M. Ixtisoslashgan jurnalistika. IX том. – Toshkent: "O'zbekiston", 2019. – B.674-676.
2. Muhamedov M, Fayziyeva.F Ablyayeva.V. Televideniye asoslari. – Toshkent: "Voris-nashiriyot", 2009. – B. 152.

3. Karimov A. Madaniyatlararo kommunikatsiya aspektida televideniening o'rni va zamonaviy formatlar. Madaniyatlararo kommunikatsiya aspektida lingvistika va lingvodidaktikaning dolzarb masalalari. Respublika ilmiy-amaliy anjuman materiallari. – Toshkent. 2022. – B. 12-18.
4. Karimov A. Milliy ko'rsatuvlarimizning tili o'zbekcha (mi?). Medialingvistika rivojlanishining zamonaviy tendentsiyalari. Xalqaro ilmiy-amaliy anjuman materiallari. – Toshkent, 2022. – B. 15-19.
5. Ortiqova Yu. Kommunikaciyaga asoslangan interaktiv telejurnalistikada moderatorlik faoliyati. Medialingvistika rivojlanishining zamonaviy tendentsiyalari. Xalqaro ilmiy-amaliy anjuman materiallari. – Toshkent, 2022. – B. 156-159.
6. Каримов А.А. Рекреативлик – замонавий тележурналистиканинг глобал қонунияти сифатида: миллий ва халқаро тажриба. Фил. фан. док. дисс. (DSc). Автореф. – Тошкент. 2022. – Б. 83.
7. Бекбаўлиев Д, Каллибекова Г, Мәўленбергенова Г. Informational programs on Karakalpakstan television: thematic, language and stylistic variations. «Аудиовизуал журналистика ва замонавий технологиялар: стратегия, тажриба ва истиқболлар» мавзусидаги республика илмий-амалий конференцияси материаллари. – Тошкент. 2023. – Б. 57-62